



## Sekirite Kont Monoksid Kabòn

Kenbe kay ou an sekirite de asasen envizib sa a ak yon alam CO

Monoksid Kabòn (CO) se yon gaz ki danjere, ki pa gen odè, e ki pwazon. Aparèy ki chofe, ak fè manje ka yon sous CO.



### Kote pou Mete Detektè CO

- Pa deyò chak kote moun dòmi ak nan chak etaj kay ou
- Omwens a 15 pye de chak aparèy ki boule gaz

CO ki konekte youn ak lòt (sa ki gen fil ak san fil) bay pi bon pwoteksyon; lè gen youn ki sonnen, tout sonnen.

### Konsèy Prevansyon

- Griy chabon, hibachi, lanp a gaz, fou pòtab  
dwe itilize sèlman deyò
- Pa janm itilize fou pou chofe kay ou
- Asire ke chemine yo nan bon kondisyon e  
pa bloke
- Machin, dèlko, oswa nenpòt motè ki limen  
ak gaz dwe toujou limen deyò



Ou tande alam CO a? - **Sòti rapid!** - Rete deyò e rele 9-1-1



## Sekirite Kont Monoksid Kabòn

### Konnen Sentòm yo

CO ka lakòz **maladi grav e lanmò**.

Sentòm anpwazònman ki ka kòmanse ka ba, jiska modere

tankou: mal tèt, fatig, souf kout, noze, ak tèt vire.  
Nivo wo anpwazònman CO ka sentòm ki pi

sevè: tankou konfizyon mantal, vomisman,

mank kowòdinasyon miskilè, pèt konsyans,

ak lanmò.



- Teste detektè CO yo chak mwa e ranplase yo  
si yo pa fonksyone kòrekteman
- Detektè nan alam CO yo gen yon dire vi ki limite
- Ranplase detektè CO a selon enstriksyon fabrik la, oswa lè siyal ke li ekspire a limen



Pou plis enfòmasyon sou Sekirite Kont Ensandi

EXCELLENCE TODAY



IMPROVING TOMORROW